

# EPATIT C

Mwa septanm 2014 | Paj 1 nan 2 paj

## Kisa epatit ye ?

Epatit se nenpòt tip enflamasyon (yon reyaksyon tankou anflamasyon ak doulè) nan fwa. Gen plizyè bagay ki ka lakoz epatit. Pami bagay sa yo, genyen viris (tip jèm), dwòg, pwodui chimik ak alkòl, e menm pwòp sistèm defans moun nan ka atake fwa l. Kounye a, yo konnen senk viris ki, an patikilye, afekte fwa a. Ozetazini, viris epatit ki pi kouran se epatit A, epatit B ak epatit C. Gen yon pakèt diferans ant viris sa yo, men yo tout yo lakoz enfeksyon e yo ka lakoz menm sentòm yo. Gen diferans nan jan viris sa yo pwopaje, nan tan enfeksyon an ap dire, ak nan fason pou yo trete yo. Yon moun k ap bay swen lasante ka fè tès san pou yon moun pou l konnen si moun nan enfekte ak viris epatit A, B ak C.

## Kisa epatit C ye ?

Epatit C se yon enfeksyon nan fwa viris epatit C a lakoz. Majorite moun ki pran enfeksyon an vin gen yon enfeksyon kwonik (ki dire lontan) epi yo ka bay lòt moun li (yo pote jèm maladi a). Kèk nan moun yo ap gen domaj nan fwa yo e yo ka gen kèk konplikasyon tankou siwoz (sikatis nan fwa a) ak kansè nan fwa, epi y ap santi yo malad anpil, alòske kèk lòt ap ret an sante pandan plizyè ane. Anpil moun ki te enfekte depi plizyè dizèn ane (tankou sila yo ki te fèt ant 1945 ak 1965) ka enfekte epi yo pa konn sa. Pa gen vaksen pou prevni enfeksyon epatit C a.

## Kijan l pwopaje ?

Viris epatit C a pwopaje nan kontak dirèk ak san, espèm, likid ki sot nan vajen oswa nan lòt pati nan kò yon moun ki enfekte. Sa ka rive atravè :

- Pataj ekipman yo pike tèt yo lè y ap pran dwòg.
- Transfizyon san ak grèf ògan avan 1992, ane yo te kòmanse analize tout san ki nan bank san an.
- Fanm ansent ki enfekte ak viris la ki pase l bay bebe yo a lè y ap akouche.
- Pataj objè pèsònèl tankou bwòs dan, tay zong oswa razwa ki gen san sou yo
- Fè tatou oswa pèse kò yo nan yon anviwonman enfòmèl oswa ak ekipman ki pa esterilize
- Mank kontwòl enfeksyon nan enstisyon swen lasante ak enstisyon swen rezidansyèl yo.
- Transmisyon nan fè sèks posib, men li ra. Pami bagay ki ogmante transmisyon seksyèl epatit C, genyen : lè yon moun gen yon maladi moun pran nan fè sèks oswa enfeksyon viris maladi sida, fè sèks avèk plizyè patnè oswa fè sèks nan fason k dwòl.

Viris epatit C a PA pwopaje pa kontak regilye tankou akolad oswa lè moun ekstènne, touse oswa lè yo pataje manje ak bwason.

## Ki sentòm epatit C a bay ?

Anpil adilt gen kèk sentòm oswa yo pa gen sentòm ditou. Pami sentòm yo, si yo manifeste, genyen fatig, pèt apeti, kè plen, vomisman, malvant ak doulè nan vyann kò a oswa nan jwenti yo. Koulè pipi a ka vin pi fonse, epi moun nan ka gen lajonis (po moun nan ak pati blan je yo vin jòn). Apre kèk ane, kèk nan moun ki enfekte yo ka gen siwoz fwa lè vyann ki gen sikatriz yo ranplase selil nan fwa a ki te an sante yo.



## Aprè konbyen tan sentòm yo kòmanse ?

Lè yo fèk enfekte ak viris epatit C, majorite moun pa gen sentòm ditou oswa yo gen sèlman kèk ti sentòm. Pou sila yo ki devlope sentòm yo, dabitid sentòm yo kòmanse manifeste ant sis semèn ak sis mwa apre enfeksyon an. Anpil moun ki gen enfeksyon epatit C kwonik pa devlope okenn sentòm ditou pazavan kèlke ane, kèkfwaz pazavan plizyè dizèn ane. Pi lontan moun yo viv ak enfeksyon epatit C, gen plis chans pou yo devlope maladi nan fwa ki grav e ki ka menase lavi yo.

## Kijan yo fè dyagnostik epatit C ?

Se tès san yo fè pou yo fè dyagnostik epatit C.

## Kilès yo dwe teste pou epatit C ?

- Tout moun ki fèt ant 1945 ak 1965
- Nenpòt moun ki te konn pran dwòg ak sereng, menm si se te yon sèl fwa oswa depi plizyè ane
- Moun ki gen enfeksyon viris maladi sida
- Moun yo te bay san oswa yo te fè transplantasyon grèf ògan pou yo anvan 1992
- Moun ki ekspoze a san nan travay yo lè yon sereng te pike yo oswa lè yo te pran lòt domaj
- Moun ki nan dyaliz
- Moun tès pou fwa yo pa nòmal oswa ki gen maladi nan fwa

## Kijan yo fè trete epatit C ?

Yo trete epatit C ak kèk medikaman espesyal k ap elimine viris la nan kò a (geri enfeksyon an) ak prevni domaj nan fwa, siwoz ak kansè nan fwa. Moun ki fè epatit B dwe evite bwè alkòl oswa pran nenpòt medikaman oswa sipleman alimantè ki ka lakoz domaj nan fwa a. Yo ka rekòmande pou pran tou vaksen kont epatit A ak B. Poze doktè w kesyon sou chwa tretman yo ak desizyon ou ka pran pou pwoteje fwa w pou l pa pran domaj.

## Kijan m ka prevni epatit C ?

Kòm pa gen vaksen pou epatit C, pi bon jan pou prevni enfeksyon epatit C se evite kontak ak san moun ki enfekte yo. Men kèk nan prevansyon yo :

- Si w pran dwòg ak piki, pa janm pataje materyèl sa yo ak lòt moun. Pami materyèl sa yo, genyen tout ekipman pou pran dwòg ak piki ki ka gen san sou yo oswa anndan yo (sereng, koton, mamit yo kwit dwòg, sa w itilize pou w mare kote w ap pran dwòg la, dlo, elatriye). Nan Massachusetts, nenpòt moun ki gen 18 an oswa ki pi gran pase sa ka achte sereng esterilize san preskripsyon nan pifò famasi. Chache pwogram tretman pou dwòg ki ka ede w sispann pran dwòg.
- Fè tatou oswa pèse kò w sèlman nan kote yo itilize ekipman ak materyèl ki esterilize.
- Pa janm pataje razwa, bwòs dan oswa tay zong ak lòt moun
- Risk pou w pran l nan fè sèks ba, men lè w itilize kapòt latèks lè w ap fè sèks nan vajen oswa nan dèyè ap redui risk la pi plis toujou.

## Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon ?

- Doktè w, enfimyè w oswa klinik lasante w la
- Sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC) nan : <http://www.cdc.gov/hepatitis>
- Biwo lasante nan lokalite w la (yo mete nimewo yo nan anyè a anba "gouvènman")
- Depatman Lasante Piblik nan Massachusetts (MDPH), Divizyon Epidemyoloji ak Iminizasyon nan (617) 983-6800 oswa rele nimewo gratis la nan Massachusetts nan (888) 658-2850

